



Pou Piblikasyon Imedya: 17/07/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO AK PWOKIRÈ JENERAL UNDERWOOD ANTAME YON PWOSÈ
KONT GOUVÈNMAN FEDERAL LA AKOZ LWA FISKAL ENKONSTITISYONÈL KI
SIBLE NEW YORK LAN**

***Lwa Fiskal Federal Lan Pral Koute Abitan New York yo 14.3 Milya dola an 2018
Sèlman***

***Pwosè a Site Prèv ke Lwa Fiskal Federal la Sible epi Pral Deranje nan yon Fason
Dispwoòsyone New York ak Eta ki Sanble ak li yo, Pandan L ap Entèfere nan
Dwa Eta yo Genyen pou Pran Pwòp Desizyon Fiskal yo***

***New York Ansanm ak Connecticut, Maryland, New Jersey nan Pwosè ki Depoze
Jodi a Nan Distrik Rejyon Sid New York***

Gouvènè Andrew M. Cuomo ak Pwokirè Jeneral la Barbara D. Underwood te depoze yon dosye [pwosè](#) pou pwoteje New York ak kontribyab li yo kont rediksyon radikal prelevman Taks Eta ak Lokal yo (State and Local Tax, SALT) Washington ap fè. Pwosè a bay agiman ke yo te adopte nouvel limit SALT la pou sible New York ak lòt eta ki nan menm pozisyon yo, ki ap entèfere ak dwa eta yo pou pran pwòp desizyon fiskal yo, epi ke li pral afekte nan yon fason dispwoòsyone kontribyab yo ki nan eta sa yo.

Lwa fiskal federal 2017 la, ki se rezilta yon pwosesis ki patizan anpil epi ki presipite, redwi radikalman prelevman an nan limite li a 10,000 dola. Yon analiz ke Depatman Fiskalite ak Finans Eta New York lan (New York State Department of Taxation and Finance) te fè montre ke limit lan pral ogmante taks federal moun New York yo de 14.3 milya dola an 2018 sèlman, ak yon 121 milya dola an plis ant 2019 ak 2025. Jan sa prezante nan plent lan, lwa sa a se tankou yon sabò nan figi syèk avan yo, ki etabli limit konsitasyonèl yo sou kapasite gouvènman federal la genyen pou sèvi ak pouvwa taks li pou entèfere nan otorite souvren eta yo.

Pandan tout istwa Etazini, chak lwa federal sou taks sou salè te pwoteje enterè souvren eta yo kote li te bay yon prelevman pou tout oswa yon pòsyon konsiderab nan taks eta ak lokal yo. Istwa san entèripsyon sa a demontre ke limit san presedan prelevman SALT sa a li enkonstitisyonèl, jan pwosè a fè remak sa a. Nouvel restriksyon radikal sou prelevman SALT la gen alafwa objektif epi efè ki ap fè New York, ak lòt eta ki nan menm pozisyon avèk li yo, ansanm ak rezidan yo mal. Epi tou, nouvel limit lan pral bese pri kay, depans, ak vant nan biznis yo, epi tou li pral lakòz rediksyon kwasans ekonomi

New York la epi fè gen mwens djòb. Pwosè a, ke yo te antame jodi a nan Tribinal Distrik Ameriken an pou Distrik Rejyon Sid New York (U.S. District Court for the Southern District of New York), se Pwokirè Jeneral Underwood ansanm ak Pwokirè Jeneral Connecticut, Maryland ak New Jersey ki te dirije li.

“Gouvènman federal la rete fèm sou desizyon li pou sèvi ak New York kòm bank sekre li pou peye pou rediksyon taks kòporatif yo epi mwen pa pral sipòte li”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Jodi a mwen fyè pou m anonse ke New York se premye eta nasyon an ki pran yon mezi legal kont plan taks Trump lan k ap benefisye 1 pousan kont enterè fanmi klas mwayèn yo. Nou pral defann tèt nou nèt ale kont Prezidan Trump ak atak patizan gouvènman federal la pou pwoteje pèp New York la.”

“New York pa pral pran nan entimidasyon. Limit sa a enkonstitisyonèl - li depase limit ki etabli pou pouvwa federal la genyen pou enpoze yon taks sou salè, pandan l ap pran libète sible New York ak eta ki sanble ak li yo nan yon tantativ pou fòse nou chanje lwa fiskal nou ak pwogram vital yo sipòte yo”, **Pwokirè Jeneral Underwood te deklare.** “Nou pa pral pèmèt patizan ki nan Washington yo fè pèp nou an mal oswa entèfere nan politik nou yo. Nou te antame yon pwosè kont atak enkonstitisyonèl sa a kont New York ak dwa fondamantal eta nou an -- paske nou p ap kwaze bra nou pou kite Washington vin fouye pòch abitan New York yo.”

Pami lòt prèv ki site nan plent lan:

- Moun k ap pran desizyon yo deklare piblikman ke y ap fòse Eta tankou New York yo chanje chwa regleman yo.
- Sekretè Trezò a Steve Mnuchin te di ke chanjman sa a te fèt nan entansyon pou “voye yon mesaj” bay eta yo pou fè yo chanje sistèm taks yo ak politik fiskal yo.
- Stephen Moore, ki te konseye kanpay Trump sou politik taks la, te di sa nan yon fason ki pi dirèk toujou, kote li te rele chanjman SALT yo “Lanmò pou Demokrat yo”.
- Nouvèl dispozisyon an pral ranmase plizyè milya dola taks federal nan men abitan New York ak lòt eta ki nan menm pozisyon yo - san nou pa bliye 14.3 milya dola nan New York sèlman an 2018.
- Lè li diminye valè kay yo, nouvèl dispozisyon an pral fè kontribyab New York ak lòt eta yo mal, pandan li pral diminye revni taks eta yo tou - sa ki pral fòse eta yo chwazi ant pi gwo kantite taks oswa diminye investisman nan edikasyon, sèvis piblik, ak lòt pwogram vital yo.
- Nouvèl limit sou prelevman SALT la vyole tou prensip konstitisyonèl souverènte eta egal la, kote li sible yon ti gwoup eta pou trètman defavorab sou baz chwa politik souvren yo.

Pwosè a mete aksan tou sou istwa adopsyon Sizyèm Amandman an, ki konfime ke pouvwa taks gouvènman federal la gen limit, e ke yo pa ka sèvi ak li pou vin enpoze nan otorite souvren eta yo genyen pou detèmine pwòp politik taks ak politik fiskal yo.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)